

RESOUS

Pa Ekri Nan Zòn ki an Gri A.

ENDIKE RESOUS BENEFISYÈ A KA GENYEN:

	WI	NON	VALÈ AN DOLA	NIMEWO KONT		KOTE A
Kont Pèsonèl pou Ijans (Personal Incidental Account, PIA)	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>				
Kont Epay (Chèk/Epay/Sètifika Depo nan Bank, Kowoperativ Kredi)	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>				
	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>				
	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>				
Prevwwa Règleman Pwosè, Eritaj	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>				
Fon Fidisyè	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>				
Asirans Vi	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>				
Rant	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>				
Aksyon, Obligasyon, Bon Epay	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>				
Byen Imobilye (San wete Pwopriyete Vakans ak Kay Abitab)	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>				
Byen ki Bay Revni	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>				
Byen ki Pa Bay Revni	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>				
Posede Kay	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>				
Fon Komen pou Plasman	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>				
IRA, KEOGH, 401-K, Konpansasyon Difere	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>				
Lòt Kont Pansyon oswa Retrèt	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>				
Fon Antèman, Fon Fidisyè pou Antèman, Espas pou Antèman (Plas nan Simityè), Akò pou Fineray	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>				
Lòt Resous (Tanpri Presize)	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>				
Machin	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		Ane	Mak	Modèl

ÈSKE OU MENM, MARI OSWA MADANM OU TE VANN, BAY, OSWA TRANSFERE LAJAN KACH, REVNI, BYEN IMOBILYE, OSWA LÒT BYEN NAN ESPAS 60 MWA KI SOT PASE YO?

WI	NON	BYEN	VALÈ AN DOLA	KIYÈS KI TE BENEFISYE L?
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>			
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>			
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>			

REVNI									
ENDIKE TOUT REVNI BENEFISYÈ A, MARI OSWA MADANM BENEFISYÈ, OSWA MANM FANMI KI SOU KONT LI AN KA GENYEN:	REVNI BENEFISYÈ A			REVNI MARI A OSWA MADANM NAN			REVNI MANM FANMI AN		
	WI	NON	MONTAN LAJAN	WI	NON	MONTAN LAJAN	WI	NON	MONTAN LAJAN
Sekirite Sosyal/Retrèt nan Chemennfè	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	
Pansyon	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	
Pansyon pou Veteran	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	
IRA, KEOGH, 401-K, Konpansasyon Difere	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	
Peman Pansyon Alimantè/Mari oswa Madanm	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	
Revni Ipotèk/Lwaye	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	
Rant	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	
Enterè Kont Labank, Fon Komen pou Plasman, Obligasyon, Inite Kredi	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	
Dividann Aksyon, Obligasyon, Fon Komen pou Plasman	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	
Lòt Revni tankou Avantaj pou Andikap, Revni Sekirite Sipleman, Alokasyon Chomaj, elatriye (Tanpri presize)	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	
Èske ou prevwa resevwa revni nan yon fon fidisyè, Règleman Pwosè, Eritaj, elatriye?	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	

ASIRANS SANTE									
Èske ou gen Medicare (Kat Wouj, Blan, ak Ble)?				<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non	Si ou reponn Wi, <input type="checkbox"/> Pati A <input type="checkbox"/> Pati B			
Èske mari oswa madanm oswa manm fanmi ki sou kont li an genyen Medicare?				<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non	Si ou reponn Wi, <input type="checkbox"/> Pati A <input type="checkbox"/> Pati B			
Èske ou menm, mari oswa madanm ou oswa yon manm fanmi ki sou kont nou gen pwoteksyon yon plan asirans sante, tankou plan travay la, kowoperativ yo, sistèm retrèt yo bay; pwoteksyon anba lòd sipò, plan asirans prive oswa VA?				<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non				
Non Moun ki Gen Pwoteksyon an (yo)									
Kimoun ki Peye Prim nan									
Non Konpayi Asirans lan									
Nimewo Kontra Asirans									
Kiyè Kontra Asirans lan Pwoteje?									
Dat Kontra Asirans lan Antre Anvigè									
Montan Prim nan epi chak kilè li peye l?									

DEPANS POU LOJMAN			
Èske Mari Ou oswa Madanm Ou Fè Depans pou Lojman? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Si ou reponn Wi, ranpli Enfòmasyon yo Mande anba a.			
MONTAN CHAK MWA POU LWAYE	MONTAN CHAK MWA POU IPOTÈK	MONTAN CHAK MWA POU TAKS	DEPANS CHAK MWA POU CHOFAJ
\$	\$	\$	\$

RAS/AFILYASYON ETNIK POU MOUN KI APLIKE A SÈLMAN

(Ou pa oblije ranpli pati sa a. Men, si w pa ranpli l, moun k ap fè entèvyou avèk ou a gendwa oblije note li selon obsèvasyon li. Li kolekte enfòmasyon sa yo sèlman pou l asire li tout moun resevwa èd oswa swen yon mannyè ki ekitab. Enfòmasyon sa yo p ap afekte elijiblite ou.) Mwen se: (Koche Yon Sèl Kaz)

Kòd Ras/Gwoup Etnik: B-Moun Nwa oswa Ameriken Nwa W-Moun Blan H-Ispanik oswa Latino *A-Azyatik oswa Moun Zile Pasifik I-Amerendyen oswa Alaskyen Natifnatal *P-Awayen Natifnatal oswa Lòt Moun Zile Pasifik U-Pa konnen O-Lòt.

*Si ou te chwazi A- Azyatik, oswa P- Awayen Natifnatal oswa Moun Zile Pasifik, tanpri gade enfòmasyon anba yo sou Lòt AAPI.

†Lòt Ameriken Azyatik/Moun Zile Pasifik (pa obligatwa) - Tanpri idantifye sougwoup AAPI ou a. Men sa sougwoup ki anndan kominote sa a genyen ladan l: Chinwa, Japonè, Filipino, Koreyen, Vyetnamyen, Kanbodjyen, Endonezyen, Pakistanè, Esri Lankè, Taywanè, Awayen Natifnatal, Samowan, Tongan, Gwamanyen oswa Chamowo, Machalè, Fidjyen, elatriye.

AVI KONT DISKRIMINASYON – N ap konsidere aplikasyon sa a san nou pa gade sou ras, koulè po, sèks, andikap, kwayans relijye, kwayans nasyonal, orijin nasyonal, oswa konviksyon politik.

NIMEWO SEKIRITE SOSYAL – Yon moun k ap aplike pou Medicaid (MA) dwe bay Nimewo Sekirite Sosyal nenpòt moun l ap mande Medicaid pou li, sof si moun nan se yon etranje san papye k ap chèche genyen MA sèlman pou l trete yon pwoblèm sante annijans. Pataj enfòmasyon sa a obligatwa pou Medicaid selon Seksyon 351.2 ak 360-1.2 nan 18NYCRR ak 42 USC 1320b-7. Yo itilize Nimewo Sekirite Sosyal yo pou byen idantifye moun ki aplike pou Medicaid yo ak benefisyè Medicaid yo epi pou verifye revni, elijiblite ak montan avantaj yo. Epiou, nou pral itilize Nimewo Sekirite Sosyal ou pou n wè si l koresponn avèk done sou revni ou pa fè ki nan IRS yo epi avèk done sou revni ou fè ki nan Depatman Travay Eta New York.

KONSANTMAN – Mwen rekonèt depi mwen siyen fòm aplikasyon/sètifikasyon sa a, mwen dakò pou Depatman Sèvis Sosyal fè nenpòt ankèt pou verifye oswa konfime enfòmasyon mwen te bay yo oswa nenpòt lòt ankèt yo fè ki gen pou wè ak demann mwen fè pou Medicaid. Si yo mande mwen lòt enfòmasyon, m ap bay yo.

CHANJMAN – Mwen dakò pou bay ajans lan enfòmasyon san pèdi tan sou nenpòt chanjman nan bezwen mwen, revni mwen, pwopriyete mwen, aranjman mwen pou viv, oswa nan adrès mwen dapre tout sa mwen konnen oswa kwè.

TRANSFÈ ASIRANS AK LÒT AVANTAJ – M ap depoze nenpòt reklamasyon pou avantaj asirans sante ak asirans aksidan oswa nenpòt lòt resous mwen gen dwa pou resevwa, epi mwen transfere resous sa yo bay responsab Sèvis Sosyal mwen fè aplikasyon sa a voye ba li a. Anplis, mwen ap ede fè nenpòt transfè avantaj oswa resous ki obligatwa bay responsab Sèvis Sosyal mwen fè aplikasyon sa a voye ba li a.

PEMAN DIRÈK – Mwen bay otorizasyon pou kòb yo peye mwen oswa moun ki lakay mwen pou avantaj sante oswa avantaj asirans aksidan al jwenn dirèkteman responsab Sèvis Sosyal ki apwopriye a pou sèvis medikal ak lòt sèvis sante yo ban mwen pandan nou elijib pou Medicaid.

MEDICARE – Mwen bay otorizasyon pou kòb yo peye nan kad “Medicare” (Pati B nan Tit 18, Pwogram Asirans Medikal Sipleman) al jwenn dirèkteman doktè ak founisè pwodui medikal sou nenpòt frè mwen pa peye alavni pou sèvis medikal ak lòt sèvis sante yo ban mwen pandan mwen elijib pou Medicaid.

SANKSYON – Mwen rekonèt yo ka mennen ankèt sou aplikasyon mwen an, epi mwen dakò pou mwen kolabore ak ankèt sa a. Lwa federal ak Lwa Eta a prevwa sanksyon, anprizònman oswa toulède si ou pa di laverite lè ou aplike pou avantaj Medicaid, oswa nenpòt lòt yo poze ou kesyon sou elijiblite ou, lè ou fè yon lòt moun pa di laverite sou aplikasyon w lan oswa sou lefètke ou kontinye elijib. Sanksyon yo aplike tou si ou sere enfòmasyon oswa si ou pa bay enfòmasyon konsènan premye elijiblite ou ak lè w kontinye elijib pou Medicaid oswa si ou sere enfòmasyon oswa si ou pa bay enfòmasyon ki ta ka afekte dwa yon moun ou te aplike pou li pou li ka jwenn oswa pou li ka kontinye resevwa Avantaj Medicaid epi ou dwe itilize Avantaj sa yo pou lòt moun sa a, men se pa pou ou.

Lwa Federal la ak Lwa Eta a prevwa nenpòt transfè byen pou yon pri ki pi ba pase valè mache a yon moun oswa mari oswa madanm li fè nan espas oswa apre sis (6) mwa ki vini tousuit apre premye jou nan mwa kote moun nan antre anndan enstitisyon an, oswa dat li aplike pou Medicaid antanke yon moun ki anndan yon enstitisyon, si se anvan, ka fè moun nan pa elijib pou resevwa sèvis etablisman swen an.

SÈTIFIKASYON – Depi mwen siyen aplikasyon sa a, mwen sèmante epi mwen konfime enfòmasyon mwen te bay oswa pral bay Depatman Sèvis Sosyal pou Jwenn Medicaid la se verite. Epiou mwen transfere bay Depatman Sèvis Sosyal la tout dwa mwen genyen pou al dèyè sipò nan men moun ki gen responsablite legal pou sipò mwen ak pou al dèyè lòt resous. Mwen rekonèt lè mwen resevwa Medicaid, yo ka mete poze-sele sou byen imobilye mwen epi yo ka fè rekouvremant kont li nan kèk sikonstans si mwen nan yon enstitisyon medikal epi m pa prevwa retounen lakay mwen. Mwen rekonèt Medicaid kapab rekipere sa yo te peye pou mwen nan men moun ki te gen responsablite legal pou sipò mwen lè mwen te resevwa sèvis medikal yo.

Siyati Benefisyè a	Dat Siyati a	Siyati Mari oswa Madanm nan	Dat Siyati a
Siyati Reprezantan an	Dat Siyati a		
Siyati Travayè a	Dat Siyati a	Siyati Sipèvizè a	Dat Siyati a